**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–06.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भारतक युवा लोकनिक वैश्विक उपलब्धि के उल्लेख करैत कहलनि जे देशक युवा लोकनि विश्व मे अपन एक विशेष पहचान बनौलनि अछि। केन्द्र मे राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधनक सरकार के एगारह वर्ष पूरा हेबाक अवसर पर श्री मोदी युवा लोकनि के गतिशीलता, नवाचार आ दृढ़ इच्छाशक्ति के प्रतीक जनौलनि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे पछिला एगारह वर्ष मे देशक विकास युवा लोकनिक दृढ़ विश्वास आ असाधारण ऊर्जा शक्ति सँ प्रेरित अछि। श्री मोदी कहलनि जे पछिला एगारह वर्ष मे देश स्टार्टअप, विज्ञान, खेल, सामुदायिक सेवा आ संस्कृति सहित विभिन्न क्षेत्र सभ मे असाधारण उपलब्धि हासिल करऽवला युवक लोकनिक साक्षी बनल अछि।

---

आरबीआई रिजर्व बैंक नीतिगत रेपो दर मे पचास आधार अंक के कमी कयलक अछि। आब रेपो दर साढे पाँच प्रतिशत भऽ गेल अछि। आरबीआई रेपो दर मे लगातार तेसर बेर कटौती कयलक अछि। मुम्बई मे आरबीआई के गवर्नर संजय मल्होत्रा जनौलनि जे छओ सदस्यक मौद्रिक समिति एहि वित्त वर्षक दोसर बैसक मे सर्व सम्मति सँ रेपो दर कम करबाक निर्णय कयलक। रेपो दर मे कमी सँ होम लोन, कार लोन आ पर्सनल लोन पर ब्याज दर कम हेबाक संभावना अछि।

---

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी कहलनि अछि जे देश मे जावत धरि जातीय जनगणना नहि होयत अछि तावत धरि अनुसूचित जाति, जनजाति आ पिछड़ा समाजक लोक सभ के हुनक अधिकार नहि भेटत। श्री गांधी आइ राजगीर मे संविधान सुरक्षा सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। राहुल गांधी बिहार मे बढि रहल हिंसा पर अत्यंत चिंता व्यक्त कयलनि अछि। ओ कहलनि जे एक समय छल बिहार सत्य, न्याय आ अहिंसा के लेल जानल जायत छल आ आब यैह बिहार अपराधक गढ़ बनि गेल अछि। एहि

सँ पहिने राहुल गांधी अपन यात्राक शुरूआत गयाजी के गहलौर सँ कयलनि। ओ माउंटेन मैन दशरथ मांझी के प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। श्री गांधी दशरथ मांझी के पुत्र भगीरथ मांझी सँ सेहो भैंट कयलनि। घुरबा काल श्री गांधी एक बेर फेरो गयाजी पहुंचि कऽ ओतऽ महिला लोकनि सँ संवाद कयलनि।

———————————————————————

बिहार पुलिसक निलंबित एएसआई सरोज सिंह के विभिन्न ठेकाना सभ पर पुलिस आ एसटीएफ द्वारा कयल गेल छापामारी मे एक करोड़ चालीस लाख टाका नगद सहित जमीन आ निवेशक कतेको कागजात आ हथियार बरामद कयल गेल अछि। सरोज सिंह के पटना स्थित तीन ठेकाना सभ पर छापामारी कयल गेल अछि। ओतहि, आरोपी पुलिसकर्मी के समस्तीपुर जिलाक मोहिउद्दीन नगर थाना क्षेत्रक सुल्तानपुर गंगा दियारा स्थित आवास पर भेल छापामारी मे एक ए.के. सैंतालीस साहित भारी मात्रा मे हथियार आ कारतूस बरामद कयल गेल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार आइ एसटीएफ आ पुलिसक टीम निलंबित एएसआई सरोज सिंह के घर पर छापामारी करबाक लेल पहुँचल छल। पुलिस के देखतहि सरोज सिंह फायरिंग शुरू कऽ देलक। जेकर बाद पुलिस टीमक दिस सँ सेहो फायरिंग कयल गेल। एहि मामिला मे पुलिस सरोज सिंह सहित पाँ गोटे के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून पूर्व वर्षा लगातार भऽ रहल अछि। आइ राजधानी पटना सहित राज्यक फराक—फराक क्षेत्र सभ मे तेज हवा के संग हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ राज्यक उत्तरी आ दक्षिणी क्षेत्र मे तेज हवा के संग वर्षा हेबाक संभावना अछि। एहि दरमियान मेघ गरजबाक संगहि ठनका खसबाक सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे किशनगंज के ठाकुरगंज मे सभ सँ बेसी बियालीस मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना मे कोविडक नव मामिला लगातार भेटि रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे चारि मरीज मे कोविड संक्रमणक पुष्टि भेल अछि। सिविल सर्जन डॉक्टर अविनाश कुमार जनौलनि जे एहि मे एक छओ वर्षक बच्चा सेहो संक्रमित अछि।

———————————————————————————————

मधुबनी जिलाक प्रसिद्ध सौराठ सभा आइ संपन्न भऽ गेल। ई सभा अट्ठाईस मई सँ शुरू भेल छल। मैथिल ब्राह्मण लोकनिक वैवाहिक संबंध एहि सौराठ सभा मे निश्चित होयत अछि। पंजीकार विनोदानंद झा जनौलनि जे एहि बेर सभा मे तीस सँ पैंतीस वैवाहिक संबंध निश्चित भेल। राज्य सरकार एहि सौराठ सभा के राजकीय महोत्सव के दर्जा प्रदान कयलक अछि। एकर अंतर्गत एहि बेर सौराठ महोत्सवक आयोजन कयल गेल। महोत्सव मे कतेको सांस्कृतिक कार्यक्रम के आयोजन सेहो कयल गेल।

———————————————————————————————

मधुबनी जिलाक हरलाखी थाना मे पदस्थापित सब–इन्सपेक्टर प्रमोद कुमार के घूस लैत एक वीडियो वायरल भेलाक बाद हुनका निलंबित कऽ देल गेल अछि। पुलिस अधीक्षक योगेन्द्र कुमार जनौलनि जे आरोपी पुलिसकर्मी पर एफआईआर दर्ज कऽ कार्रवाई करबाक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————————————————

अररिया के एक अदालत हत्या के एक मामिला मे दोषी जनिरा आ सोनू के आजीवन कारावास आ पन्द्रह–पन्द्रह हजार टाका अर्थदंड के सजा सुनौलक अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।